

# PERYÒD ENSKRIPTSYON LIB 26 OUT - 6 SEPTANM

Avantaj yo chwazi pandan peryòd enskription sa a vin anvige 1ye oktòb 2024.

## Avantaj Ou, Chwa Ou

KOUNYE A SE MOMAN pou revize avantaj ou yo epi enskri pou ane 2024-25!

- Aprann sou avantaj yo pou plan ane 2024-25 la nan [myimagefirstbenefits.com](#)
- Chwazi, chanje, oswa anile pwoteksyon pou avantaj pou ou menm ak fanmi ou

### TOUT ASOSYE

Enskription Lib ap fèt otomatikman; sa vle di piò avantage aktyèl yo pral otomatikman transfere nan plan ane 2024-25 la.

Ou pral bezwen konplete enskription lib la sou entènèt pou:

- Fè chanjman, ajoute oswa retire plan, epi revize ki manm fanmi ki enskri
- Re-chwazi oswa ajoute kont depans fleksib

## KISA KI NOUVO POU 2024-25?

- TERAPI FIZIK DIJITAL** – Nou kontan pou nou bay terapi fizik dijital atravè Hinge Health pou fè ou retounen nan aktivite ou renmen yo. Hinge Health se yon pwogram pou doulè nan do ak jwenti ki disponib pou tout anplwaye ki enskri nan yon plan medikal Aetna atravè ImageFIRST.
- TRANSFORM DIABETES CARE** – ImageFIRST kontan pou l ofri w yon pwogram 12 mwa k ap ede w kontwole dyabèt w la. Li ka ede w jwenn pi bon fason pou jere dyabèt ou epi ede w viv byen, rete motive epi atenn kalite sante ki meyè. San yo pa chaje w okenn frè siplemantè. Si w ap jere dyabèt ou, ou enskri nan pwogram sa a otomatikman. Rete kalm - detay pwogram yo sou wout la.
- PLAN POU ANDIKAP AKOUTÈM AK ALONTÈM** – ImageFIRST kontan pou l anonse amelyorasyon yo nan plan pou andikap. Tanpri revize gid pou avantaj yo pou wè modèl plan ajou yo.
- PRUDENT RX** – ImageFIRST ap fè patenarya ak PrudentRx pou redwi depans medikaman espesyal ou yo atravè estrateji plan inovatè kopeman yo. Tanpri gade gid pou avantaj ou yo a pou plis enfòmasyon.
- CVS HEALTH VIRTUAL PRIMARY CARE** – Kounye a ImageFIRST ap ofri ou menm ak fanmi w swen prensipal vityèl, sante mantal, ak swen egi atravè yon platfòm pratik. W ap gen opsyon pou jwenn swen an pèsòn tou, si sa nesesè. Tanpri gade gid pou avantaj ou yo a pou plis enfòmasyon.

### 2 Fason pou Enskri:

- Konseye sou Avantaj ki gen eksperyans yo disponib atravè sant apèl telefonik iBTR pou ede eksplike tout opsyon sou avantaj ou yo, reponn kesyon ou yo epi konplete enskription ou, sou non ou. Tanpri vizite [imagefirst.annualenrollment.net](#) pou pran yon randevou nan telefòn.
- Telechaje aplikasyon mobil ADP a oswa ale sou entènèt pou [workforcenow.adp.com](#)



**ImageFIRST®**